# PAREMIYA –TIL BIRLIGI SIPATÍNDA

**Umarova Úmitay Abaevna**
*NMPI doktorantı*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.17703789

***Annotatsiya***. *Ushbu maqolada paremiologiyaning qoraqalpoq tilshunosligidagi o'rni va uning turli jihatlar bilan bog'liqligi haqida so'z yuritiladi. Shuningdek, unda olimlarimizning bu sohadagi ilmiy izlanishlari, yuqori ilmiy talablar asosidagi qarashlari yoritilgan.*
***Kalit so'zlar.*** *Paremiologiya, maqollar, tilshunoslik, qoraqalpoq tili, madaniy kod, xalq og'zaki ijodi, milliy tafakkur.*

***Аннотация***. *В данной статье рассматривается роль паремиологии в каракалпакском языкознании и ее связь с различными аспектами. В нем также освещены научные исследования наших ученых в этой области, их взгляды, основанные на высоких научных требованиях.*
***Ключевые слова.*** *Паремиология, пословицы, языкознание, каракалпакский язык, культурный код, устное народное творчество, национальное мышление.*

***Annotation***. *This article discusses the role of paremiology in Karakalpak linguistics and its connection with various aspects. It also highlights the scientific research of our scientists in this area, their views based on high scientific requirements.*
***Keywords***. *Paremiology, proverbs, linguistics, Karakalpak language, cultural code, folklore, national thinking.*

Paremiyalogiya qaraqalpaq til bilimınıń ajıralmas bólegi. Atadan-balaǵa, miyras bolıp kelgen, bul taraw naqıl-maqal, aforizim, terme-tolǵaw, jumbaq, aytıs hám.t.b hikimetli sózlerdi úyrenetuǵın ilimiy baǵdar. Paremıyalogiya tiykarınnan lingvokulturologiya, mádeniyat, folıklor, koncept, frazeologzim tarawları menen baylanıslı.

Paremiyalogiya –til biliminiń tarawı. Grekshe paroimia (naqıl-maqal, hikimet) hám logos (ilim) degen sózlerden alınǵan, hárqanday tildiń paremiyalogiyalıq sistemasın izertleydi. Til biliminde paremiyalogiya termini eki mánide túsiniledi:1.Paremiyalardı–naqıl-maqaldı izertleytuǵın pán taraw, yaǵnıy hárqanday xalıq naqıl-maqalları tilin izertleytuǵın taraw; 2. Belgili bir tilge paremiyalogiyalıq birliklerdiń, naqıl-maqallardıń jıyıntıǵı. Parema, paremiya hám paremiyalogiya túsiniklerinen anıqlawd, izertlewde hár qıylı tillerde túrli ilimiy kózqaraslar, baǵdarlar, usıllar bar.[1;12]

Paremiyalogiyalar naqıl-maqallardıń hádden tıs qábiletliligine, ishki quramalılıǵına burınnan itibar berip keledi.

Haqıyqatında da, naqıl-maqallar óziniń ápiwayılıǵına qaramastan ádewir quramalı dúzilislerdi ańlatadı. Bir tárepten, bul kúndelikli turmıslıq frazeologizmlerge uqsas lingvistikalıq qubılıslar; ekinshi tárepten, bazı bir logikalıq birlikler (hukimler yamasa

juwmaqlar);hám úshinshisi - janlı turmıstıń faktlerin anıq, bekkem formada sáwlelendiretuǵın kórkem miniatyuralar. Sonıń ushın da naqıl-maqallar tilshiler, folklorıstler, filosof-logiklerdiń dıqqatın ózine tartadı.[2;9]

Naqıl-maqal xalıq awızeki dóretiwshiliginiń áyyemgi hám keń tarqalǵan janrları bolıp, olar xalıqtıń turmıslıq tájiriybesi, dúnyaqarası, ádep-ikramlılıq, tárbiyalıq kózqarasları jáne sociallıq-ruwxıy qádiriyatların sáwlelendiretuǵın qısqa hám mazmunı keń obrazlı til birlikleri bolıp esaplanadı.

Paremiyologiyalıq birlikler izertlewshilerdi ázelden qızıqtırıp kelgen. Olardı klassifikaciyalaw boyınsha dáslepki jumıstı Aristotel (b.e.sh. 384-322-jillar) ámelge asırǵan. Paremiyalar, onıń pikirinshe, eń áyyemgi filosofiyanıń elementleri bolıp, óziniń ıqshamlıǵı hám qısqalıǵı menen xalıq arasında xızmet etedi. Shet til biliminde tiykarınan basqa tillerden alınǵan paremiyalardı óz ishine alǵan birinshi tariyxıy inglis paremiyalar sózligi "English Proverbs and Proverbial Phrases: A Historical Dictionary" 1929-jılı J.L.Apperson tárepinen baspadan shıǵarılǵan. Inglis paremiyalarınıń etimologiyası, túrleri hám dúzilisin izertlegen birinshi fundamental miynet A.Teylordıń "The Proverb" shıǵarması 1931-jılı payda boldı.

Al Rus xalqınıń dáslepki paremiologiya tarawına úlken salmaqlı úles qosqan alımlardıń biri, G.L.Permyakov. «Основы структурной паремиологии» (1979) atlı fundamental miynetinde paremiologiyanı til biliminiń ǵárezsiz baǵıtı sıpatında tiykarlap beredi.[3]

Haqıyqatında da, paremiyalogiya til birligi sıpatında xalıqtıń naqıl-maqalların milliy mádeniyatın , eń ıqsham biraq, mazmunlıq tárepten bay forması dep tán alınadı. Olar xalıqtıń turmıslıq tájiriybesi, ádep-ikramlılıq normaları hám sociallıq kózqarasların tildegi kórsetiw quralları arqalı bekkemleydi. Paremiyalar til sistemasında óz aldına birlik sıpatında qaraladı, sebebi olar sóz, fraza hám gáp dárejesindegi til elementleriniń úylesiwi nátiyjesinde payda boladı. Hárbir naqıl yamasa maqal tilde ǵárezsiz kommunikativ birlik bolıp esaplanadı.

B.Yusupova óziniń «Паремиология. Qaraqalpaq xalıq naqıl-maqalları tiliniń leksika-semantikalıq hám leksika-tematikalıq ózgeshelikleri» degen kitabında paremiologiyanı bilay táriypleydi:

Paremiologıya qaraqalpaq til biliminde jańadan payda bolıp, qálıplesip atırǵan jeke taraw. Onıń izertlew obyekti– paremiyalar–naqıl-maqallar. Naqıl-maqallar basqa uqsas turaqlı birlikler- frazeologizm, aforizm, idioma, aytıs, sheshnlik sózler, terme-tolǵawlar, anekdotlar, aytım, kinosilteme, lakunalarǵa belgili dárejede qatnaslı bolıp, olardan jeke ózgeshelikleri menen ajıralıp turadı. Paremiyalar ayrım jaǵdaylarda olardıń geyparaları

menen júdá tığız baylanıslı bolıp, xalıq arasında bunday turaqlasıp qollanılıp ketken birlikler naqıl-maqallardıń dóreliw, payda bolıw deregi dep esaplanadı.[ 1;98]

Xalıq áwzeki dóretpesiniń tumarı paremiyalogiyanı (naqıl-maqal) biz kúndelikli turmısımızdan berli, paremiyalogiya yáki naqıl yáki maqal dep ajratıp aytqannın kórmegenbiz, hámme waqıtta naqıl-maqal dep hikimetli túrden sanamızǵa sińdirip kelgenbiz.

Máselen, B. Juraeva naqıl-maqallardı bir-birinen ajıratıp qaraw, olar ortasındaǵı qatnaslardı bilay kórsetedi: Maqal menen naqıldı ajıratıw shegaralaw, elege shekem mashqala bolıp qalmaqta, til qubılısı sıpatındaǵı maqal hám naqıldıń mazmunı tolıq ashılmaǵan. Bul máseleni birinshilerden bolıp rus folıklorshı hám tilshi ilimpazları I.M.Snegirev [1848], A.A. Potebnya [1895], V.I. Dal [1899], F.I. Buslaev [1959], O. Shirokova [1903], M.A. Ribnikova [1961], V.P. Felicina [1979], S.G. Gavrin [1974], A.M. Babkin [1964], A.A. Molatkov [1977], V.P. Jukov [1966], V.M. Mokienko [1989], N.M. Shanskiy [1985] hám basqaları dep jazadı.[1;17,18]

Karımova.M óziniń «Paremiologik birliklarning lingvokulturologik aspekti» degen dissertaciyasında ózbek hám inglis tillerindegi paremiyalardıń dúnyaqaraslardaǵı ornı hám mádeniy element sıpatında talqıladı Tiykarınan paremiyalardıń ózbek hám inglis tillerinde folklor-mádeniyat ideyaları, jámiyet hám tábiyat haqqındaǵı normalar tillik kodlar arqalı qalay sáwleleniwin ashıp bergen.[4]

Juwmaqlap aytqanda, paremiyalogiya til birlik sipatında xalıq oy-pikiriniń eń ıqsham, biraq mazmunı boyınsha kóp qırlı kórinisi bolıp, olar tilde ǵárezsiz birlik sıpatında xızmet etedi. Hárbir paremiya xalıqtıń turmıslıq tájiriybesin, sociallıq normaların hám milliy mádeniy qádiriyatların tildegi forma arqalı bekkemleydi. Sonlıqtan paremiya tek ǵana sóylew quralı emes, al til sistemasınıń turaqlı semantikalıq, sintaktikalıq hám mádeniy qatlamların birlestiriwshi birlik bolıp esaplanadı. Jáne de, paremiya tarawı ullı jáhán alımlarınıń da úlken áhmiyetli itibarın qaratıp biz jaslarǵa, úlgi bolarlıqtay maǵlıwmatlar qaldırǵan.

**Ádebiyatlar**

1. Юсупова.Б. Паремиология. Қарақалпақ халық нақыл-мақаллары тилиниң лексика-семантикалық хәм лексика-тематикалық өзгешеликлери -Нөкис.: «Qaraqalpaqstan» баспасы, 2024–,400 бет.
2. Г. Л. Пермяков. От поговорки до сказки.– М.:Наука 1979.
3. Karimova M. S. Paremiyologik birliklarning lingvokulturologik aspekti. Filologiya fanlari bo'yicha falsafa doktori (PhD) dissertatsiyasi avtoreferati. — Andijon.: 2022